

# *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè* *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP. 1572  
Angle Rues Piquant & Lamarre No. 56  
Port-au-Prince - Haïti  
Tél. /Fax 2222-7899  
<justicepaixha@yahoo.com>  
jilap.national@forumcitoyen.org.ht

Pòtoprens, 22 avril 2009

## **Obsèvasyon eleksyon 2009 : Premye aktè nan eleksyon, se sitwayen ak sitwayèn yo**

Nan mwa fevriye 2009, Komisyon Jilap te fè yon nòt pou laprès kote l t ap plede *pou yon pratik politik kote yo respekte prensip etik*. Apre eleksyon 19 avril 2009 la, se yon moman pou evalye mak fabrik lavi politik la nan peyi a genyen. Dewoulman eleksyon an, konpòtman diferan aktè yo ak pratik elektoral yo ede n wè ki jan sa ye. Jilap te patisipe nan obsève pwosesis la ak plis pase 500 obsèvatè nan 9 departman.

Pi gwo konsta moun ap fè : sitwayen yo an jeneral pa t vin vote. Apen 2% nan popilasyon nan kapital la te deplase pou fè yon vòt. An pwovens te gen pi plis patisipasyon, men li toujou rete ba anpil. Ki jan pou konprann yon bagay konsa ?

*Nou te analize yon sant vòt nan kapital la (Delma). Men ki sa n konstate. Te genyen 14 BV, ki chak te kab resevwa 450 elekte. Sa fè an total 6300 elekte pou sant la. Lè yo konte nan finisman jounen an, yo rive sou 48 vòt pou tout BV yo ansanm. Sa se 0,76 %. Si tout manm biwo yo ak mandatè yo ta vote, te dwe genyen pou pi piti 70 vòt. Pami 48 vòt sa yo, te genyen 17 pou di « okenn kandida pa valab », sa se 35, 41 % nan tout vòt valid yo. Kilès ki t ap pretann nan lane 2006 Ayisyen pa ta deplase pou lage yon vòt blan nan bwat vòt la ?*

Eske genyen esplikasyon pou mank patisipasyon an ?

1. An jeneral, nan peyi a se eleksyon prezidan ki atire plis atansyon. Men, gen eleksyon pou prezidan ki pa t rive nan 15 % patisipasyon. Rezon yo mare ak konjonkti a, epi yo montre popilasyon an konnen lè l deplase ak lè l ret lakay.
2. Yon rezon yo repete, se Lavalas ki pa t gen kandida, ki pa t ladan l. Epi ki te lanse yon operasyon « pòt fèmen ».

3. Pi enpòtan se menas yo t ap fè sou popilasyon an nan semèn anvan 19 avril la : te gen anpil menas sou popilasyon an nan katye yo, nan kamyonèt yo, toupatou. « Si wa p sòti, ekri non ou nan plat pye ou ». Moun yo fasil pran nan kaponay ak laperèz. Pratik fè menas sa a, se yon vyolans sikolojik li ye. Li enpoze moun kanpe pou dwa yo.
4. **Pi gwo rezon an, se sa anpil moun te di nan jou eleksyon an, se mefyans sitwayen ak sitwayèn yo nan enstitisyon Leta yo. Popilasyon an pa wè ki sa vòt yo itil yo pou amelyore lavi yo. Sena a pa kontribye pou amelyore lavi moun yo. Egzanp : yo menm pa rive vote salè minimòm 200 goud la. Moun yo konprann Sena a nan magouy ak eskandal, yo pa fè anyen pou amelyore kondisyon lavi pèp la. Se konsa tou nou konprann gwo pousantaj moun ki vote « okenn kandida pa bon » (nan sant nou te analize a : 35 %). Anpil lòt moun pa t deplase menm pou menm rezon an.**
5. Men genyen tou : movèz òganizasyon jounen elektoral la ki fè moun pa t vote. Men ki sa n te konstate atravè tout peyi a :
  - a. Lis elektoral yo toujou pa bon. Menm ak ti kras moun ki te vini, plizyè nan yo te blije retounen lakay yo, paske moun yo pa t jwenn non yo, oswa lis yo pa t kòrèk. ONI genyen reskonsablite pa l. Bon enfòmasyon e bon administrasyon se yon mak fabrik yon Leta ki respekte moun.
  - b. Yo pa t afiche lis elektoral yo depi davans pou moun te kapab al gade ki kote pou ale, jan lalwa elektoral la mande sa. Odinatè, telefòn, el. pa figure pami mwayen lalwa prevwa. Dayè, anpil moun pa gen aksè ak yo.
  - c. KEP la te fè anpil chanjman dènye minit nan òganizasyon eleksyon yo, san popilasyon an pa t okouran : yo deplase sant vòt yo san moun pa konnen. Sa fè n wè : li lè li tan pou eleksyon fèt ak yon KEP pèmanan, ki kapab konstwi eksperyans ak yon tradisyon elektoral, san yo pa toujou bezwen repete menm erè yo.
  - d. Lapolis pa t pèmèt machin piblik deplase pou rezon sekirite. Sa fè anpil moun pa t ka al vote si sant la pa t kote yo rete a, paske pafwa sant yo lwen.
6. Popilasyon an pa t gen enfòmasyon sou kandida yo. Te manke yon vrè kanpay elektoral, manke deba piblik sou gwo kesyon k ap brase bil nasyon an. Tout sa dekouraje elektè yo : eleksyon an pa parèt tankou yon bagay ki kab chanje vi popilasyon an ; kandida yo pa parèt tankou moun ki genyen yon mesaj nan sitiyasyon moun yo ap viv.
  - a. KEP la konfonn kèk espòt piblisite ak yon vrè kanpay edikasyon sivik, ki ede moun yo konprann ki sans Leta ak enstitisyon yo genyen.
  - b. Pati politik yo pa prezante yon pwogram serye nan yon deba piblik.

Gen kèk lòt bagay ki merite atansyon n :

- KEP la te pran anpil reta pou òganize eleksyon yo byen. Twòp bagay santralize nan Pòtoprens : tankou kesyon kat pou obsèvasyon. Gen fason yo konpoze biwo BV yo : anpil kote yo pa t asepte moun ki sòt lòt kote. Fòmasyon manm BV yo te fèt nan dènye minit, pafwa menm yon jou anvan eleksyon. Lè te gen pwoblèm, pa t gen posiblite pou korije anyen. Yo pa t prevwa anyen pou manm BV yo : yon kontra, yon antant, yon kolasyon, posiblite transpò pou rantre lakay aprè vot la.
- Zak vyolans yo ki fèt jou 19 avril la menm, montre anpil moun pokò rive konprann ki sans politik la genyen nan lavi yon peyi. Se jou eleksyon moun wè dezameman pa janm fèt vre. Sa k pi tris, se lè n konstate otorite nan Leta a sèvi ak vyolans pou ranfòse pozisyon yo ak pozisyon pati politik pa yo.
  - Nan vyolans ki te genyen nan Plato Santral, gen depite, senatè ak kandida ki mele ; gen pati politik tankou UCCAD ak Lespwa ki mele nan fè vyolans ak magouy.
  - Nan vyolans ki te genyen nan Latibonit, gen depite ak kandida ki mele ; gen pati politik tankou AAA, Lespwa ak endepandan ki mele nan fè vyolans ak magouy.
  - Nan Grandans, gen otorite lokal ak depite ki mele nan fè presyon sou elektè yo.
  - Nan Sidès, yon senatè ta ki mele nan fè presyon sou elektè yo.
  - Nan Nò, patizan Modelh, Lespwa (nan machin Leta) ak Fizyon mele nan (tantativ) boure bwat.
  - Konpòtman kèk otorite kreye konfizyon :
    - Konstitisyon peyi a di : « Yon sitwayen dwe vote nan eleksyon, san yo pa fòse l » (atik 52-1). Ki jan pou konprann lè Prezidan Repiblik la deklare « Moun pa blije vote » ?
    - Ki jan pou konprann, se de (2) jou anvan eleksyon an yo kòmanse pale sou finansman kanpay pati politik yo, tandiske lalwa elektoral la te prevwa l ?
    - Ki jan pou konprann lè depite ak senatè yo pa pran distans ak menas patizan yo ap fè, menm si se menas sikolojik ?

**Ki lè iminite otorite yo pa p menm bagay ankò ak enpinite ? Ki lè y ap aplike sanksyon lalwa elektoral la prevwa kont moun ki mete dezòd, ki anpeche moun jwi dwa yo, k ap fè menas e ki fè vyolans ? Ki lè y ap pran sanksyon kont depite, senatè, ak kandida ki nan zak vyolans pandan operasyon elektoral la ?**

*Jilap te plede pou genyen plis valè ak konsiderasyon etik ki antre nan politik ak nan koze eleksyon yo. Eleksyon se yon kesyon sitwayen li ye. Eleksyon se yon fason san vyolans pou rezoud kesyon sila a : kilès n ap renmèt pouvwa ak reskonsablite pou jere a pou yon bout tan.*

Poutèt sa, gen règwèt nan eleksyon tout moun dwe respekte. Moun ki refize règ yo pa kab patisipe nan jwèt la.

Jilap pa dakò pou moun ki jwenn manda gras ak yon eleksyon sèvi ak moso pouvwa sila a pou fè dappiyanp sou popilasyon an. Iminite ki mache ak yon pouvwa pa dwe sèvi pou gaye enpinite nan peyi a.

**Eleksyon se yon kesyon respè pou etik ak respè pou pèp Ayisyen an. Nan eleksyon se sitwayen ak sitwayèn yo ki premye aktè a. Peyi a se pou yo. Li pa pou politisyen ak otorite ; peyi a pa janm kab tounen byen pa yo. Poutèt sa nou vel eleksyon kòrèk, san gwo ponyèt, nan transparans e ak enfòmasyon.**

Men ki sa n mande

### **Pati politik yo**

- ✓ Pou yo fè edikasyon sivik manm yo (ak mandatè yo) : aprann yo respekte prensip demokratik, tolerans ak wòl enstitisyon yo genyen.
- ✓ Pou yo pran distans yo, yon fason piblik, ak tout manm yo ki te mele nan vyolans.
- ✓ Pou yo travay sere sere sou yon vizyon pou peyi a ki bay repons sou pwoblèm ak kesyon popilasyon peyi a genyen.

### **ONI (Ofis nasyonal Idantifikasyon)**

- ✓ Pou l òganize bank done sitwayen yo yon fason sistematik, pèmanan epi kòrèk.
- ✓ Pou l enfòme sitwayen/yèn yo yon fason klè sou ki sa pou yo fè lè enfòmasyon yo pa t fin kòrèk, lè yo chanje kote yo rete, el.
- ✓ Kòm sèvis piblik, fòk ONI fasil pou jwenn, fòk li gaye nan tout peyi a, fòk li yon sèvis gratis ki regilye e kòrèk.

### **Egzekitif la**

- ✓ Pou l travay prese prese pou mete sou pye yon KEP pèmanan, jan manman lwa peyi a mande sa, pou pèmèt eleksyon yo fèt yon fason kòrèk, ki koute mwen chè, ak eksperyans epi nan tan ki nesèsè, san yo pa bezwen repete chak fwa menm pwoblèm yo.
- ✓ Pou l antre nan pwosesis desantralizasyon san demagoji, pou popilasyon an kapab pran pwòp pwoblèm li yo nan men l, kote l rete.

### **KEP la**

- ✓ Pou l korije prese prese tout erè ki te genyen nan òganizasyon eleksyon an.
  - Bay enfòmasyon yon fason kòrèk sou sant vòt yo.

- Bay mwayen senp nan men popilasyon an pou konnen ki kote sant yo ye. Respekte sa lalwa mande sous sa.
  - Oganize operasyon yo atan ; konsidere moun ki manm BV yo nan jou vòt la.
- ✓ Pou l òganize yon kanpay fòmasyon sivik, ki kòrèk, ki esplike wòl enstitisyon Leta yo ak enpòtans eleksyon genyen.
  - ✓ Pou l aplike lalwa elektoral kont tout otorite Leta ki mele nan fwod, magouy ak vyolans.
  - ✓ Pou l aplike lalwa elektoral kont tout kandida ki mele nan fwòd, magouy, entimidasyon.
  - ✓ Pou l sispann konsidere eleksyon tankou yon bagay ki gade sèlman Pouvw a Egzekitif la ak pati politik yo. *KEP la, kòm òganis endepandan Leta a, se nan sèvis sitwayen yo ak peyi a li dwe ye.*

### **Lachanm depite ak senatè**

- ✓ Pou yo pran sanksyon kont tout manm nan kò a ki mele nan fwod, magouy ak vyolans nan eleksyon 19 avril 2009. Se yon kesyon onè Gran Kò a.

## **Observation électorale 19 avril 2009**

### **Les acteurs les plus importants du processus électoral sont les citoyens et citoyennes eux-mêmes.**

Au mois de février, 2009, la Commission Justice et Paix a publié une note de presse pour plaider en faveur de pratiques politiques qui respectent les principes éthiques. Après les élections du 19 avril 2009 on peut se questionner sur les caractéristiques de la vie politique en Haïti. Le déroulement des élections, le comportement des acteurs et les pratiques électorales nous aident à voir plus clair. La Commission a participé à l'observation électorale avec plus de 500 observateurs et observatrices dans 9 départements.

Le premier constat qui s'impose est le grand taux d'abstention. A peine 2 % des électeurs potentiels de la capitale se sont déplacés aux urnes. Le chiffre pourrait être plus élevé en province, mais il reste bas. Comment comprendre cette réalité ?

Nous avons analysé un centre de vote à Delmas. Voici nos constats : il y avait 14 BV qui pouvaient recevoir chaque 450 électeurs : cela fait 6.300 électeurs potentiels pour le centre. Lors du comptage des voix, on a compté pour tout le centre 48 voix exprimées, ou 0,76 % taux de participation. Dans le cas où tous les membres des bureaux et les mandataires avaient votés, on aurait dû compter au moins 70 votants. Des 48 votes exprimés, 17 ont votés pour « aucun candidat n'est valable » ; 35,41 % des votes

valides. Qui disait en 2006 que les gens en Haïti ne se déplaçaient pas pour lâcher un « vote blanc » dans les urnes ?

Comment expliquer cette abstention ?

1. Traditionnellement, les élections qui attirent les foules sont les élections présidentielles, Mais la encore, il y a eu des élections présidentielles qui n'ont attiré que 15 % de l'électorat. La conjoncture concrète joue ; ce qui montre que les gens savent quand se déplacer ou rester chez eux.
2. Une raison avancé concerne l'absence de Lavalas, et son appel pour « fermer les portes » le jour du scrutin.
3. Plus important nous semble les menaces proférées dans les jours avant le scrutin : il y avait des menaces dans les quartiers populaires, dans les camionnettes, partout. « Si tu veux sortir écris ton nom sur le plat de vos pieds ». Le cramponnage et la peur sont des armes faciles ; ils constituent une violence psychologique importante et un empêchement à l'exercice des droits.
4. **La plus grande raison, et c'est cela de nombreuses personnes nous ont fait savoir le jour du scrutin, est la méfiance entre les citoyens et les institutions de l'Etat. La population ne croit pas à leur utilité pour améliorer ses conditions de vie. Le Sénat ne contribue pas à l'amélioration de la vie des gens : même la loi sur le salaire minimum n'a pas encore passé le vote au sénat. Les gens identifient le Sénat à la corruption et les scandales. Ceci pourrait expliquer le grand pourcentage dans le centra analysé des votes « aucun candidat valable ». Pour la même raison de nombreuses personnes se sont abstenues de participer.**
5. La mauvaise organisation des élections est un autre motif. Voici nos constats à travers le pays :
  - a. Les listes électorales ne sont toujours pas valables. Même avec cette participation minimale, plusieurs citoyens ont du rebrousser chemin, parce leurs noms étaient introuvables. L'ONI (Office Nationale de l'Identification) partage la responsabilité. Une bonne information et une bonne administration sont des caractéristiques d'un Etat qui respecte ses citoyens.
  - b. Les listes électorales partielles n'étaient pas affichées depuis d'avance pour permettre aux citoyens de connaître leur BV. Les ordinateurs et téléphones ne sont pas les moyens indiqués par la loi ; d'ailleurs plus d'un n'a pas d'accès à ces moyens.
  - c. Le CEP a opéré de nombreux changements de dernière minute sans en informer la population de manière suffisante. Cela prouve la nécessité d'un CEP – permanent qui fait se construire une expérience et tradition électorale pour sortir du provisoire où on répète les mêmes erreurs. Ceci demande par contre la mise en œuvre de la décentralisation.
  - d. La mesure d'interdiction de circulation pour le transport public rendait impossible à de nombreux citoyens de se rendre à leur centre de vote, qui parfois est éloigné.
6. La population n'avait pas d'information sur les candidats faute de campagne électorale et de débat public sur les problèmes qui intéressent les gens. Tout cela est motif de découragement,

parce l'élection n'apportera pas de changement nécessaire ; les candidats n'ont pas de message adapté à la conjoncture.

- a. Le CEP continue à confondre des spots publicitaires avec une vraie campagne d'éducation civique qui aide les gens à voir les enjeux et le sens de l'Etat et de ses institutions.
- b. Les partis politiques apparaissent dépourvus de programme présenté lors des débats publics.

D'autres points attirent l'attention :

- Le CEP a pris beaucoup de retard pour organiser bien les élections. Trop de choses sont centralisées à Port-au-Prince, comme les badges pour observateurs. La composition des BV provoquait résistance parce les gens étaient étranges au milieu. Leur formation était une activité de dernière minute, parfois le samedi avant le scrutin. Les problèmes éventuels ne pouvaient plus être résolus de manière satisfaisante. Rien n'était prévu pour les membres des BV : une collation, une entente claire, du transport pour rentrer chez eux.
- Les actes de violence perpétrés le jour du 19 avril démontrent clairement qu'on est loin d'une bonne compréhension de ce que « politique » signifie pour un pays. Le jour du scrutin on constate qu'il n'y a pas eu de désarmement. Même des autorités de l'Etat se donnent à la violence pour renforcer leur position ou celle de leur parti politique.
  - Dans le Plateau Central, des députés, sénateurs et candidats se sont impliqués dans la violence et le fraude, à part des partisans des partis politiques comme UCADDE et Lespwa.
  - Dans l'Artibonite, des députés et candidats sont mêlés dans la violence et le fraude, tout comme des partisans des partis politiques comme AAA, Lespwa et indépendants.
  - Dans le département de la Grand' Anse, on signale des autorités locales et députés mêlés à des actes d'intimidations sur les votants.
  - Dans le Sud Est, un sénateur aurait fait pression sur des électeurs.
  - Dans le Nord, des partisans de Modelh, Lespwa (en voiture de l'Etat) et de Fusion étaient impliqués dans des (tentatives de) bourrages d'urnes.
  - Le comportement de certaines autorités également est source de confusion.
    - La Constitution du pays indique « le devoir de voter sans contrainte » (article 52-1). Comment comprendre cela, alors que le Président de la République déclare « qu'il n'y a pas d'obligation de vote » ?
    - Comment comprendre que seulement deux jours avant le scrutin on pose la question du financement de la campagne électorale des partis politiques comme prévu par la loi ?
    - Comment comprendre que députés et sénateurs et même partis politiques ne se distancient pas de la violence perpétrée par leurs partisans, même quand il s'agit de violence psychologique ?

**Quand est-ce que l'immunité des autorités ne sera plus confondue avec impunité ? Quand est-ce on commencera à appliquer des sanctions comme exigé par la loi contre les fauteurs de troubles, ceux qui empêchent l'exercice des droits, ceux qui profèrent des menaces et de la violence ? Quand est-ce qu'on va prendre des sanctions contre députés, sénateurs et candidats qui sont mêlés dans des actes de violence lors du scrutin ?**

*Justice et Paix a plaidé pour les valeurs et considérations éthiques dans la politique et les élections. Les élections est en première lieu une question citoyenne. Avec les élections on cherche à résoudre la question du pouvoir et la responsabilité dans le pays : à qui confier la responsabilité pour gérer le pays pendant un temps et mandat limité ? C'est pourquoi il y a des règles à respecter. Refuser les règles équivaut à se situer hors jeu.*

Justice et Paix refuse d'accepter que des personnes qui ont un mandat populaire en main se servent de ce pouvoir pour écarter le peuple. L'immunité dont jouissent certaines autorités ne devrait pas servir pour encourager l'impunité dans le pays.

**Election est une question de respect pour l'éthique et de respect pour le peuple. Lors des élections, le premier acteur est le citoyen ou la citoyenne. Le pays lui appartient. Il n'est la propriété des politiciens et des autorités ; le pays ne doit jamais devenir leur bien. C'est pourquoi les élections doivent être correctes, sans violence, transparentes et accompagnées des informations nécessaires.**

Nos recommandations

### **Aux partis politiques**

- ✓ Qu'ils prennent sérieusement en main l'éducation civique de leurs membres afin qu'ils respectent les principes démocratiques élémentaires, qu'ils pratiquent la tolérance et comprennent le sens d'une élection.
- ✓ Qu'ils désavouent publiquement leurs participants qui se donnent à la violence ou qui se servent de moyens non démocratiques et qui se servent de son nom.
- ✓ Qu'ils élaborent des programmes sérieux qui expriment une vision pour le pays et qui donnent une réponse aux problèmes et préoccupations des gens.

### **A l'ONI (Office Nationale d'Identification)**

- ✓ Qu'elle organise une banque de données des citoyens et citoyennes dans le pays d'une façon systématique, permanente et correcte.
- ✓ Qu'elle informe clairement la population sur les démarches à entreprendre pour corriger les erreurs, introduire les changements lors de changement de résidence, etc.
- ✓ Comme service public, il faut que ses services soient facilement accessibles, présents à travers le pays, être gratuits et corrects.

## **Au Pouvoir Exécutif**

- ✓ Qu'il entreprenne sans tarder le processus pour mettre sur pied un CEP – permanent, comme demandé par la Constitution ; dans le but de permettre l'organisation des élections à temps, correctes, à moindre coût, tirant profit des expériences acquises, aux échéances prévues, sans qu'on soit obligé de répéter les mêmes erreurs.

## **Au CEP**

- ✓ Qu'il corrige immédiatement les erreurs dans l'organisation des élections.
  - Qu'il donne des informations correctes sur les centres de vote.
  - Qu'il crée les moyens pour que la population puisse être au courant de leur location, avec les moyens prévus par la loi.
  - Qu'il organise les élections aux échéances prévues par la loi ; qu'il se sert des ressources locales dans l'organisation des élections.
- ✓ Qu'il organise une campagne d'éducation civique qui explique le rôle des institutions de l'Etat et l'importance des élections.
- ✓ Qu'il applique la loi électorale à l'encontre des autorités de l'Etat qui sont mêlées dans des pratiques de fraude et de violence.
- ✓ Qu'il applique la loi électorale à l'encontre de tout candidat mêlé dans des pratiques de fraude et d'intimidation.
- ✓ Qu'il arrête à considérer le processus électoral comme quelque chose qui regarde la Pouvoir Exécutif et les partis politiques seulement. Le CEP comme organisme indépendant de l'Etat doit être au service du pays.

## **Aux chambres des députés et sénateurs**

- ✓ Qu'elles sanctionnent les membres du Grand Corps qui sont mêlés dans des pratiques de fraude électorale et de violence lors du scrutin du 19 avril 2009. Il s'agit de l'honneur du Grand Corps.

Pour la Commission Justice et Paix Nationale  
P. Jean Hanssens, Directeur national

Jocelyne Colas, Secrétaire Exécutive

*Note : La Commission continue à travailler sur un rapport détaillé de ses observations lors du scrutin du 19 avril 2009.*